



Rete lwen danje apre yon siklòn

Li enpòtan pou sonje danje a poko fin pase le tanpèt la fini. Pran enfòmasyon sou fason pou kenbe fanmi ou lwen danje apre yon siklòn.

Kenbe sekirite anndan kay

- Pa janm itilize yon aparèy elektrik si li mouye. Si li toujou ploge, koupe kouran an nan brekè prensipal la. Tann pou yon elketrisyen tcheke aparèy la avan ou itilize l.
- Si pa gen kouran, itilize flach nan plas balèn. Si ou blije itilize balèn, mete yo lwen nenpòt bagay ki ka pran dife fasil. Toujou rete pre balèn ki limen.

Pran prekosyon ak bilding ki sibi domaj yo

Pa bliye, siklòn ka domaje bilding yo epi fè yo reprezante yon danje. Si kay ou oswa yon lòt bilding te sibi domaj, asire w li pa gen danje anvan ou retounen ladan.

- Kite kay ou oswa yon lòt bilding imedyatman si ou tande sekous oswa bri anòmal. Bri etranj ka vledi li pa lwen pou l tonbe.

Fè Prevansyon entoksikasyon Monoksid Kabòn

Aparèy ki sèvi ak gaz oswa ak chabon kreye monoksid kabòn. Se ka ekipman tankou jeneratris, machin lavaj apresyon, griy ki boule chabon ak fou pou kan. Ou pa ka santi ni wè li, men si monoksid kabòn konsantre anndan kay ou, se gwo danje. Pou kenbe fanmi ou lwen danje:

- Pa janm itilize ekipman ki boule gaz oswa chabon bwa anndan kay, nan sousòl, oswa garaj. Kite l deyò a yon distans omwen 20 pye lwen tout fenèt, pòt oswa ouvèti.
- Itilize yon detektè monoksid kabòn ki pran batri oswa batri derechanj nenpòt lè wa p itilize yon delko oswa nenpòt lòt bagay ki boule gaz
- Pa janm kite yon vwati oswat pikòp nan yon garaj ki atache ak kay la, menmsi pòt garaj la louvri.
- Pa janm chofe kay ou avèk yon fou agaz.
- Si ou gen detektè monoksid kabòn epi li kòmanse bipe, kite kay la imedyatman epi rele 911.

Pou sekirite w, apran sentòm entoksikasyon monoksid kabòn yo (<https://www.cdc.gov/co/faqs.htm>). Si ou panse monoksid kabòn ka te fè oumenm oswa manm fanmi ou malad, chèche wout doktè oswa lopital san pèdi tan.

Tcheke Entoksikasyon pa Monoksid Kabòn Apre yon Dezas pou plis enfòmasyon.

Rete lwen danje pandan w deyò

Rete lwen dlo inondasyon

- Toujou suiv mesaj avètisman konsènan wout ki inonde yo.
- Pase akote dlo inondasyon, pa travèse l. Li ka pi fon ke sa w panse. Si ou blije antre nan dlo inondasyon oswa rive pre, mete yon jilè sovaj- espesyalman si dlo a ap monte.

Sonje dlo inondasyon souvan pote jèm maladi. Si ou touche l, asire w ou lave men w avèk savon ak dlo. Si ou pa gen savon oswa dlo, itilize tanpon alkòl oswa dezenfektan.



Ale sou Flood Water or Standing Waters

(<https://www.cdc.gov/healthwater/emergencv/flood/standing.html>) pou plis enfòmasyon.

Rete lwen Poto Elektrik ak Materyèl Danje yo

- Pa lwen fil elektrik ki tonbe. Rele konpayi elektrik la pou di yo sa.
- Siveye liy elektrik ki sou tèt ou.
- Itilize ekipman ki fèt pou sa pou pwoteje tèt ou - bagay tankou mas pou respire (respiratè) - si ou tou pre materyèl ki danje. Pousyè nan bilding ki domaje ka genyen sibstans tankou plon, amyant, siman, oswa mwazi. Si ou touche yon bagay ki ka koze w ditò, lave po w pou retire l imedyatman.
- Chèche èd si ou pa sèten kijan pou jere materyèl ki ka fè w ditò yo.

Pwoteje Tèt ou de Bèt ak Ensèk Nwizib.

- Inondasyon ka pote moustik ki bay maladi. Itilize kanpelwen pou ensèk (ponp pou moustik) avek DEET oswa Picaridin. Mete rad manch long, pantalon, ak chosèt le nou deyò. Ale sou Mosquitoes ak Hurricanes (<https://www.cdc.gov/zika/vector/mosquitoes-and-hurricanes.html>) pou plis enfòmasyon.

Chèche plis enfòmasyon konsènan laraj (<https://www.cdc.gov/rabies/exposure>). yon maladi ki pafwa simaye lè bèt mòde.

Rete lwen bèt bwa oswa bèt sovaj apre yon loraj. Rele 911 oswa depatman sante piblik pou di yo sa.

